Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2025 соналъул 24 январь Рузман № 6-7 (7876-7877) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 11 декабралда 12 +

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

## Районалъул бетIерасул барки




20 январалда нилъер республикаялда кIодо гьабуна Дагъистаналъул тарихалъулъ цIикIкIараб кIвар бугеб байрам.

104 соналъ цебе, 1921 соналъул 20 январалда, ТIолгороссиялъул Централияб Исполнительнияб Комитеталъ (ВЦИК) гIуцIана Дагъистаналъул Автономияб Советияб Социалистияб Республика (ДАССР).

РСФСРалъул пачалихъияб тIадегIанаб органалъ Дагъистаналъул АССР гIуцIиялъе Декрет къабул гьабиялъе гIиллалъун ккана Темирхан-Шура шагьаралда 1920 соналъул 13 ноябралда Дагъистаналъул халкъалъул Чрезвычайнияб съездалда РСФСРалъул тIоцебесеб хIукуматалъул миллиял ишазул рахъалъ халкъияв комиссар Иосиф Сталиница Дагъистаналъе автономия лъазаби.

Дагъистаналъул АССР гIуцIи лъугьана дагъистаниязул цебетIеялъул цIияб этапалъул байбихьилъун, гьелдаса хадуб щвана гьезие хIакъикъияб пачалихъияб цолъиги.

Цереккун арал анцI-анцI соназ гIемераб ишалде ругьунлъана Дагъисаналъул халкъ. НусгоялдасагиIцIикIкIун соназул хIалбихьиялъ нугIлъи гьабулеб буго букIинесеб гIелалъе рахIатго гIумру тIамизе кIвар бугеб шартIлъун кколин миллат ва конфессия гIемераб дагъистаниязул гьудуллъи, вацлъи ва цолъи цIуни ва щулалъи.

ХIурматиял районцоял, ракI-ракIалъ баркула киназдаго Дагъистан Республика гIуцIараб къо! Рекъел, тIегьай ва парахалъи!

**Шамил ГIумаров,** районалъул бетIер

---

Пикру

# Щалха нилъ, магIарулал?

**«КIола кIудияб мина базе, гьениб жаниб рахIат ва хIалхьи босизе кIоларо.**

**КIола дунялалда лъикIаб бусен - къайи босизе, макъу босизе кIоларо.**

**ГIарцуда кIола дунялалда бугеб щинаб библиотека босизе, гIакълу - кIоларо.**

**ХIасил-калам, дунял кIийиде бикьизе бегьулеб буго - бичун босизе кIолелдеги кIоларелдеги.**

**Инсанасул кIодолъиги нилъеца борцине бегьула гьесухъ бугеб бичун босизе бегьулареб щинаб жоялъухъ балагьун, инсанасул адабги нилъеца гьедин гьабула. Бичун босизе бегьулареб щинаб жоялде гьорлъе гIарац лъугьунеб гьечIони, лъениги щибниги къварилъи букIунаро. Амма гIарац лъугьани бакъан бичун босизе, адаб бичун босизе, талихI бичун босизе, кIолареб щинаб жо гьабизе, гьелъ рачуна нилъ балагьазухъе. Амма кигIан лъица щиб биcаниги, нилъее гIарац бокьула. Гьеб гIарцуда аскIоб гIакълуги бугони, гьеб дагьабги цIакъ бокьула».**

**ГьазимухIамад ГьалбацIов**

МагIарулазе магIарулаллъун рукIиналъул кIварго бугебдай? «Дун магIарулав вуго» - йилан абураб жоялда жаниб кинаб букIаниги магIна лъолебдай магIарулас? МагIарулав ватичIого, тумав, татарав, гIурусав, маврикияв, немцав ватун вукIаравани хисизе жо букIанадай?

БукIун батуларо. ГьечIо гьабсагIат нилъер, магIарулав цойгидал миллатаздаса ватIа-вахъизе лъалеб, цебе умумул чIухIулел рукIараб, я бахIарчилъи, я рукIа-рахьин, я гIамал-хасият, я ретIа-къай, я мацI.

Унго-унгояв магIаруласул букIине ккола миллаталде рокьи ва гьелдаса чIухIи. Бугищха нилъер гьеб? ГьечIо. ГьечIеблъиги нилъеда бихьула цо кинав вукIаниги магIаруласул рахъ ккун, рищиязда гIахьаллъизе къватIире рахьине ккани. Гьенире унаго нухда чанго магIаруласда ракIалде ккола: «Щай дун досул рахъ ккун, дов цIакъав вукIиналъе нугIлъи гьабизе ине кколев? Дунго вуго гурищ дун досдасаги цIакъав» - илан. Гьеб бакIалда гьес нух хисула ва досда хадур инел рукIаразул цо бутIа, тIезабун, жиндирго рахьалде цIала… Цо гуревлъидал гьединав магIарулав вукIунев. Гьедин ракIалде ккезе бегьула чанго магIарулаcда. Гьединлъидал рикь-рикьун магIарулалги дагьлъула, дагьабго букIараб дандиязул миллатги, цолъиялъ, гIемерлъун батула, гьезул вакилги депутатлъун вахъуна. ГIабдалзаби гIадин магIарулалги хутIула.

МагIарулав чIухIула живго жиндасаго ва гьелъ гьесул бетIер сверизабула. Гьеб буго нилъер гIамал. Гьабизе кIолеб жоги гьечIо. КIвезеги бегьилаан, цойгидазул гIакълуялъухъ гIенеккулеб гIамалниги букIарабани магIарулазул чорхолъ. ГьечIелъул гьебги. ГIакълу къолел чагIиги тIубанго данде кколаро магIарулазе. Киназдасаго цIодорал чагIазе гIакълу кьейги гIантлъи букIинарищха.

ГьедигIан цIодорал, чIухIарал, жидедасаго цIакъал чагIи дунялалдаго гьечIиланги ракIалде ккун хьвадулел магIарулал, гIиссинккун кьолел гьурщазги, сихIираб, нусго соналдасан букIинесеlъул хIисаб гьабун бачунеб политикаялъги, гьоркье рехана гIурусаз. Дагь-дагьккун, гIарацго щиб жояли лъалареб букIараб магIарул халкъ, гIарцуде ругьунлъана, харжила, пособиейила, пенсияйила, инвалидностилан тIаде чвахухлеб жо камичIо. Щвана. ЩварабгIан бокьана. БокьанабгIан щвана. Нагагь щвечIого хутIани, хIехьезе кIоларого лъугьана. Дагьдагьккун гIарцухъ бичана гIадат-гIамал, яхIнамус, адабият, маданият, тарих, мацI… Миллатго бичана. Учузго. ГIарцуда аскIоб гIакълу хIалтIичIо. ГIурусльана. ХутIана цохIо щибниги гьоркь, тIад, жаниб гьечIеб гьодораб, тIадагьаб цIар. Мун щивилан гьикъани, кутакаб пахрульиялда, бацIцIадаб магIарул мацIалъ «аварец» - илан абула. МагIарулалъ кIалъайилан абуни, «не знаю я» -йилан тIадеги жубала. Гьеле нилъ роргарал кIкIалал гьварилъи!

Берцинго, эркенго, жидерго рорхатал мугIрузда рукIарал магIарулал, гьанже руго кIкIалал тIиналда, тIад кьоноги чIван. Гьенир рукIаниги, расги жо лъугьинчIеб гIадин, дагьабги гьваридаб кIкIалахъе нух балагьулел руго, гIорхьолъа араб гIарац доба бати мурадалда. Я миллат къваригIун гьечIо, я мацI къваригIун гьечIо, я гьелда хурхараб щибго къваригIун гьечIо. Эбел-инсул цIарцин кIочене хIадурал руго, гьелъухъ щолеб жо бугони.

КигIан кутакалилан нилъедаго кканиги, рукIун гьечIо нилъ гьедигIан кутакал чагIи. Тамахал чагIи рукIун руго. «Гьадаб гIор бахарабго къваригIунареб жо буго нужер гьеб авар мацI, гIурус лъазабе, ингилис лъазабе, гьел мацIазе ботIрода жаниб бакI букIине, рахьдал мацIал мальуге лъималазда»,-йилан абуни, гьедин гьабизеги гьабула. ГIемераб жо лъазабунагIан лъикI хIалтIулеб жо бетIер букIунеблъицин лъаларо нильеда. Биц-бицаралда божула. Жидерго мацIги босун гIурусал рачIинегIан, бецIал, щибго жо лъаларел, цIали-хъвай гьечIел чагIи рукIанин магIарулалин абураб жоялдаги божула. Дол нилъер тIагIинарурал нус-нус гIалимзаби американал рукIун ратила. ТIагIинаруниги, цоцо нахъе цIунун хутIун ругел дозул бечедал библиотекаби жалго жеделасаго рижун ратила.

Шагьаразул бицун пайда гьечIо, магIарул росабалъ эбел-эмен гаргадулел руго лъималазда гIурус мацIалъ. «Щай, вац, мун лъималазда гIурус мацIалъ кIалъалев»,-илан гьикъани - гIурус лъазейилаха! Гьукъаниги лъачIого хутIуларо гьанже гIурус мацI. ГьебгIан гIемераб жо щибниги гьечIо нильеда сверa-хьверун. ГIурус мацIалъул гIоралъ росун унел руго нилъ. Цо-цоязул гьоркьа хIатIалцин рихьулел гьечIо.

Пачалихъалъулги миллиял мацIазде бугеб бербалагьиги нилъеда гьикI лъала: «Бокьани-лъазаре, рихани-те!» Жалго жидеего къваригIунарел миллатал пачалихъалъе щай?!

Кутакалилан нилъедагоги кколел, вахьнаби руго нилъ. Нилъ вахьнаби рукIин цойгидазда бихьулеб буго. Гьелдаса пайдаги босулеб буго.

Цо мисал: рахьдал мацI лъаялде кIвар кьеялъул мурадалда, 9 класс лъугIигун цIалдохьабаз экзамен кьезе кколин лъазабуна эбел-инсуда. РохаралищIа гьел? РохичIо. Гьез, рекерун, мацI лъималазда лъачIого букIине нухал ралагьана. КигIан кIваниги хехго, миллиял мацIал кIочон тей мурад бугел чагIаз ургъарал дарсалги хIалае ккун, магIарул эбел-эмен тIирун чIана, жидер лъималазул рахьдал мацI гIурус мацI бугилан. Гьаб бакIалда хьвазе бегьулеб, мустахIикъаб рагIи дида магIарул мацIалда батичIо!

Цодагьабниги яхIалъул асар бугев чиясда квеш букIинеб хIалалъ хьванин кколаха дица гьаб макъала. Щай? Щайгурогоха, халкъалда гьоркьор рукIуна, гьеб бечелъиялъги, гIарцуцаги, хьантIиялъги, рецц-бакъалъги жидеде асар гьабичIел, роцIцIараб бетIералъул цо-цогIаги миллаталъул вакилзаби. Гьел рукIуна ахIи балел, «Лееее, магIарулал, дунялалда букIуна бичун босулебги босуларебгииии! Гьеб бичун босулелда хадур рекерахъдилаго, бичун босун бажарулареб тIагIине тогееееe!!!» - йилан. «ЦIуне нилъерго миллат, цIуне мацI! МацI кIочани, миллат тIагIуна!» - йилан ахIделел рукIуна гьел чагIи. «Аб мацIIгIаги щибизе къваригIараб жо? ГIурусалъ бицани бичIчIуларогойищ бугеб»-илан, гIинцин тIамуларо магIарулаз.

ЦIакъ бокьилаан пикру гьабуни, бицунелъухъ, хьвалелъухъ гIенеккани, лъалез мальараб гьабуни. Гьаб рагIизе кколел чагIаз я тIахьал цIалуларо, я газет-журналал цIалуларо, я гIакълу щвезе бегьулел тадбиразде рачIунаро, рихьизецин чIоларо. ГIемерисел гьединал руго.

Дица гIамм гьабун, гIемерисезда тункиледухъ хьваниги, авар халкъалда гьорлъ миллаталъул багьаял магIарулал рукIин лъаларев чияс гьаб тIехь цIалулеб батиларин ккола. Лъидасаго гIемерал руго нилъер нилъерго миллаталдаса чIухIизе ресал. Амма….

РакI унтун буго.

**Баху МухIидинова,** педагогикиял гIелмабазул кандидат

---

Юбилей

### Араб заманалде мугъ рехичIев



2 гьум. >>>

Нилъер бахIарзал

### Халкъияб ополчениялъул БахIарчи



3 гьум. >>>

Спорт

### Белоруссиялъул ункъцIул чемпион



4 гьум. >>>

**Пачалихъияв, жамгIиявгун политикияв хIаракатчи Ш-ХI. ГIисаев гьавуралдасан 100 сон тIубаялде**

# Араб заманалде мугъ рехичIев

***4 февралалда 100 тIубала Дагъистаналъул пачалихъияв, жамгIиявгун политикияв хIаракатчи, СССРалъул Верховный Советалъул щуабилеб ахIиялъул депутат, гIемерал соназ нилъер районалъе ва Дагъистаналъул пачалихъияб университеталъул парткомалъе нухмалъи гьабурав Шапи-ХIажи ГIабдулаевич ГIисаев гьавуралдаса.***

ГIакълуялъулгун лъаялъул рахъалъ ралъдал гъварилъиялде щварал, жидер гIумруялъулъги, захIматалъулаб хIаракатчилъиялъулъги улка тун къватIирехунги машгъурлъарал, гьунар-пагьму бугел гIадамал гIураб район ккола нилъер.

50-70 соназда район букIана халкьияб магIишаталъул киналниги бутIаби церетIезариялъул рахъалъ республикаялдаго цебесеб кьерда. Гьелъие гIиллалъунги букIана ишалъулъ жавабчилъиги тIалабчилъиги цIикIкIинабун гьабулеб букIараб хIалтIи ва цебе лъураб масъала тIубазабиялда хадуб букIинабулеб хьаравуллъи.

Бокьун буго, гьаб макъалаялда, жакъа нилъгун гьечIев, тIолабго жиндир гIумру районалъул ва халкъалъул лъикIаб букIинеселъе гIоло кьурав, Шапи-ХIажи ГIабдулаевич ГIисаевасул хIаракатчилъиялъул хIакъалъулъ бицине. КIикъоялда анцIгогIан соналъ цIияб общество гIуцIиялъул цебесеб кьерда вукIарав Ш-ХI. ГIисаевас жиндирго къисмат бухьинабуна гIагараб районалъулгун ва Дагъистаналъулгун. Районалъул гIадамазда, хасго чIахIияб гIелалда, гьев лъалаан бажари бугев гIуцIарухъан, халкъалъул мурадал тIуразаризе гIашикъав, камилаб гIакълуялъул ва политикияб камиллъи цIубарав цIикIкIарав инсан хIисабалда.

Живги жиндиеги хирияб гIагараб Гьигьалъ росдал жамагIаталдасан тарбия щварав Ш-ХI. ГIисаевас 1942 сонали бергьенлъиялда лъугIизабуна Буйнакскиялъул педучилище.

Гьел соназда школалъул директорлъун вукIарав эменги рагъде ун, 17 сонил гIумруялда вукIарав Ш- ХI. ГIисаев ккана директорлъун. Гьеб хIалтIи гьес бачана тIадегIанаб даражаялда. Хадуб, хIалтIуль гьесул бугеб бажари бихьун, 1943 соналъул сентябралда гьев вищана ВЛКСМалъул райкомалъул тIоцевесев секретарлъун. Гьеб букIана районалъул ракьалда хьачагъал ругеб, гьез колхозчагIи талавур гьарулеб заман. Гьеб мехалда Шапи-ХIажил жигаралдалъун гIуцIана кьвагьдолезул къокъаби ва гIемераб хIалтIи гьабуна хьачагъал районалдасан рачахъиялъе. Гьелдасан хадуб гIумруялъул 20 сон барав Ш-ХI. ГIисаев КПССалъул райкомалъул кIиабилев секретарлъун ва 25 сонил гIумруялде вахиндал-КПССалъул райкомалъул тIоцевесев секретарлъун вищана.

Гьеб букIана районалъул экономикаги, культураги, социалияб рахъги цебетIезабиялъул масъалабиги, цIалул соналги, хьачагъазде данде кьеркьеялъе гьабулеб нухмалъи, партиялъул захIматаб хIалтIиги Шапи-ХIажил рукъалде ккараб заман. Амма гьев кьуркьичIо. Жеги жавабчилъиялда тIадчIун хIалтIизе байбихьана гьес.

Гьелъул хIасилалда цебетIезе лъугьана районалъул экономика, культура ва халкъалъул яшав.

Къокъабго заманалда жаниб бана колхозазда гьоркьосеб Гьигьалъ-ГIурухъ ГЭС. Рана цIиял нухал, лъуна кьоял. БитIахъего халкъалъул берда цере гIун рачIана лъималазул ахал, яслиби, школал, цIикIкIана больницабазда койкабазул кьадар.

Гьелдасан хадув Ш-ХI. ГIисаев ана цIализе. 1956 соналда КПССалъул ЦКялда цебе бугеб тIадегIанаб партшколаги лъугIизабун гьев цIидасан районалде вачIана хIалтIизе. Гьеб заманалда гьес аслияб кIвар бусинабуна районалда кадраби щула гьариялде. Гьелъие гIиллалъун букIана районалда Россиялдасан, гьединго Дагъистаналъул цогидал районаздасан рачIарал гурони специалистал гьечIолъи.

Гьесда бичIчIана гIицIго бакIалъулал кадрабазда гурони район цIи гьабун гIуцIизе бажаризе гьечIеблъи. ЦIакъго чара гьечIеблъун букIана районалъул гIолилал улкаялъул ва республикаялъул тIадегIанал ва гьоркьохъел цIалул заведениязде цIализе ритIи. Гьеб суал бергьенлъиялда тIабазабуна ва гIолилал ритIана цIализе. Гьелъ рес кьуна 60-лел соназда цIалун лъугIун дипломал щварал учительзаби, зоотехникал, ветеринарал тохтурзаби, цогидалги хасаб гьоркьохъеб лъай щварал специалистал районалде тIадруссине.

Ш-ХI. ГIисаевас киданиги мугъ рехичIо араб заманалде. Гьес лъикIаб кьимат кьолеб букIана партиялъ доб заманалда магIарулал, гьезиеги бокьун, гIатIиракьалде гочинариялъе. Щайин абуни, гьеб заманалда Каспиялъул гIодобльиялда цебетIолеб букIана росдал магIишат: мелиорация, цIолбохъанлъи, ралел рукIана цIиял шагьарал, поселокал, заводал, фабрикал ва гь.ц. Гьелъие къваригIун рукIана хIалтIулал кверал, магIарухъин абуни, хIалтIизе бакIал рукIинчIо.

1961 соналда Ш-ХI. ГIисаев КПССалъул Дагъистан обкомалъул партшколалде ана хIалтIизе, хадув тIамуна Дагъуниверситеталъул КПССалъул историялъул кафедраялъул кIудияв преподавательлъун. 1965 соналдайин абуни гьев вищана ДГУялъул парткомалъул секретарлъун. Гьеб букIана университеталда цIиял кафедраби рагьулеб, цIалул корпусал, студентазе общежитиял, профессоразегун преподавателазе жа-



нир чIолел минаби ралеб, гьезие хIухьбахъиялъе ресал гIуцIулеб захIматаб заман. Гьеле гьеб махалда байбихьана Ш-ХI. ГIисаевас цебечIараб суал гIумруялде бахъинабиялъе гIоло тIадчIараб кIвахIгьечIеб хIалтIи гьабизе. Къокъабго заманалда, университеталъул анцIанцI хIалтIухъанасул яшав лъикIлъана.

Доб заманалда экономикияб цебетIеялда Шапи-ХIажи рази вукIинчIо, гьес рикIкIунеб букIана магIишатияб гIуцIиялъулъ хиса-басиял гьарулаго, Китаялъулаб хIалбихьи хIалтIизабизе кколилан. ХIажатаблъун рикIкIунеб букIана социалистияб гIуцIиялъул лъикIабщинаб цIуниги, капиталистияб гIуцIиялъул системаялъул цебетIураб хIалбихьиялдасан пайда босиги. Гьес абулеб букIана, базаралъулаб экономика нухда бачинеги кIвезе гьечIилан, общество мискиназдаги бечедаздаги бикьизе ккеялъе гIиллалъунги гьеб суал хутIизе бугилан. Гьес божилъи гьабулеб букIана республикаялъул нухмалъулезда Дагъистаналда жиндирго производство цебетIезабизе бажаризе букIиналда. Гьелде хехго гIагарлъизе ккани, гIолохъанаб гIел пачалихъияб къагIидаялъ пикру гьабулеллъун куцазе кколинги рикIкIунеб букIана гьес.

Ш-ХI. ГIисаевас борхатго ккуна коммунистасул цIар. Гьес абулеб букIана обществоялъул цо-цо членал гIедегIанин коммунистиял идеалаздасан ратIалъизе, гьелъ гIолилазе тарбия кьеялъул суалги чIун хутIанин ва гьезда гьоркьор рикьалаби ккезеги байбихьанин ва иш гьедин ккезе биччазе бегьулеб букIинчIин.

Гьев ДГУялъул парткомалъул секретарлъун хIалтIулеб заманалда, дун щвана ДГУялде ва диргун букIараб дандчIваялда цевегоялдасан гьенив хIалтIулев вукIарав (гьанже чIаго гьечIев) цо преподавателас бицана: «20 соналъ университеталъул парткомалъе нухмалъи гьабурав Шапи-ХIажи ГIабдулаевич кидаго разилъичIо Дагъистан ва гьелъул тарих миллатчилъиялде бикьулезда. Гьединал хIужаби абуни гIемерал рукIана. Гьелъие гIоло гьес, КПССалъул обкомалъул тIоцевесев секретарь гIахьаллъараб данделъиялда хьачIго какана университеталъул профессоралги жибго обкомги».

Гьесул хIалтIул заманалда Дагъуниверситет свераналъ гIолилазеги преподавателазеги тарбия кьолеб унго-унгояб школалде, Дагъистаналъул нухмалъулезе ва тIолабго интеллигенциялъе кьимат цIикIкIараб, гьел кумек гьаруни, гIакълу бикьизеги рачIунеб идараялде. Живго Шапи-ХIажил букIана партиялъулаб къвакIи ва ДГУялъул коллективалъ гьесул гьабулеб адаб-хIурматалъе гIорхъиго букIинчIо»,-ян. Ахиралда тIадеги жубана ДГУялъул профессоразгун преподавателаз гьесда «гексекилан» абулаанилангн.

Обществоялда жанир кколел мукъсанлъабазда, гьечIеб гIадлу-низамалда, гIатIидго тIобитIун бугеб ришватчилъиялда, такъсирчилъиялда хурхун кьурал суалазе жаваб гьабулаго, Шапи-ХIажица пашманлъи, ракI бухIи загьир гьабулаан. Гьеб захIматаб социалияб унти ва тушман кIванагIан хехго тIагIинабизе кколин рикIкIунеб букIана гьес, гурони цебетIезе захIмалъизе бугилан. Гьелъие законги, гьеб бильлъанхьизабизе бажарулел нухмалъулелги хIажалъулилан.

Бокьун буго бихьизабизе, Ш-ХI. ГIисаевасул хIалтIул хIаракатчилъиялъул роль цIикIкIиналъе гIиллалъун республикаялдаго гьесул кьимат-кьадру борхиги букIанилан. Доб заманалда МахIачхъалаялъул аэропорталъул начальниклъун вукIарав Тарелкинги вачIун, Гъажари рагьана аэродром. Ва жиндирго кIалъаялда гьес абуна: «Аэродром рагьиялъе гIурал шартIал ругеб бакI гьаб Гъажари гьечIо, кин бугониги Шапи-ХIажил гIаданлъиялъе ва республикаялдаго гьесул бугеб кьадруялъе гIоло рагьулеб буго»-ян. Гьеб гуребги, гьел соназда СССРалъул Министрзабазул Советалъ улкаялъул цогидал бакIаздаго гIадин нилъер районалъул Хонохъ участкаялдаги турбаза базе хIукму гьабун букIана. Гьеб хIалтIизе байбихьиялъе биччан букIана 6 млрд. гIурщ гIарац. ХIалтIул тадбирал гьаризе рачIунел-унел специалисталги рукIана. Гьеб заманалда Ш-ХI. ГIисаев районалдасан обкомалъул аппаратalде хIалтIизе ана. Гьелдасан хадуб гьеб хIалтIиги гьабулебго бакIалда чIана.

Дида ракIалде ккола нилъер районалъул жакъасев нухмалъулес гьеб суал борхани, Хонохъ турбаза баялъул суал нухда бачине кIвезе бугилан. Гьелъ рес ги кьелаан районалъул бюджет цIикIкIиналъе ва халкъалъе хIалтIулал бакIал щвезеги.

ДГУялда хIалтIулел ахириял соназда Шапи-ХIажил гIумруялъулъ ккана хиса-баси. ЗахIматго унтана. ВатIальана цояб бохалдасан. 20 соналъ ДГУялъул парткомалъул секретарасул хъулухъ тIадегIанаб даражаялда бачарав ва цIунарав гьес гьеб хIалтIи жибго тана ва мустахIикъаб хIалхьиялде ана. Амма университеталъул хIалтIухъабаз гьесул цIар гьев гьечIониги кьадруялда рехсолеб букIана, абухъего, партком гьесул рокъобе гочараб гIадин, гьесухъе рачIунел рукIана щиб къваригIел кканиги.

ГIумруялъул 77 соналде жаниве лъугьарав Шапи-ХIажил гIакълуялъул бегIерлъиги, цIубайги, политикияб гъварилъиги жеги цIикIкIун камиллъулеб букIана ва аваданго дандчIвалев вукIана жиндихъе рачIаралгун ва гьарулаан гьезие насихIатал.

БетIергьанас гьесие сайгъат гьабун букIана камилаб гIакълуги, ишалъулаб бажариги. Гьелъин гьесда гIагараб ЦIумада район сундулго рахъалъ республикаялдаго тIоцебесеб кьерде бачине кIварабги.

Шапи-ХIажи вукIана кечI-макъан бокьулев, ракI гъурав чи. Гьев гIащикьго гIенеккулаан, гьал мухьазул авторас мандолинаги хьван, ХIайбат МухIамадовалъ ахIулел кучIдузда.

18 сонилъ ВЛКСМалъул ва 25 сонилъ КПССалъул райкомазул тIоцевесев секретарь, 30 сон бараб мехалда СССРалъул Верховный Советалъул депутат, ДГУялъул парткомалъул бетIер Ш-ХI. ГIисаевасул хъулухъал кIодо гьаруна хIукуматалъул гIемерал орденаздалъун ва медалаздалъун. Амма гьесул гьалмагъзабаз бищунго кIудияб шапакъатлъун рикIкIунеб букIана, цебеселде мугъ рехичIев, гьесул гIадамаз гьабулеб кьадру-кьиматги, цIунулеб букIараб адабги.

**МухIамад Загьидов,** журналист

Нилъер бахIарзал

# Халкъияб ополчениялъул БахIарчи



1999 соналъул ополчениялъул Дагъистаналъул регионалияб жамгIияб организациялъул президиумалъ 2025 соналъул 10 январалда «Халкъияб ополчениялъул БахIарчи» абураб цIваялдалъун кIодо гьавуна МухIамадов МухIамад ЗулхIужаевич.

1999 соналъул августалъул лъугьа-бахьиназда МухIамадица бажарун нухмалъи гьабуна Гьигьалъ росдал ополченцазе. Чачаназулгун гьигьалъдерил гIорхъода хьачагъал руссине байбихьарабго, чи росулъан къватIиве инчIого, жамагIатги, гIолохьабиги, руччабиги цольана МухIамадида сверухъ. Дагъистаналъул ОМОНалъул кумекалдалъун гьезда бажарана росулъан бехе хьачагъазе нух къазе.

Гьениб бихьизабураб бихьинчилъиялъухъ щвана гьесие Орден Мужества.

Санэпидемиология

# Температурный режим

Состояние здоровья детей и взрослых, их самочувствие, настроение, работоспособность, в значительной мере формируется под воздействием многообразия внешних факторов. Чувствительность людей к изменению микроклимата обуславливает необходимость обеспечения воздушного и теплового комфорта в помещениях объектов социальной инфраструктуры: лечебно-профилактических, образовательных организаций, учреждений социального обслуживания детей и граждан пожилого возраста, домов для детей сирот и детей, оставшихся без попечения родителей, а также домов-интернатов для лиц с ограниченными возможностями здоровья.

Гигиенические нормативы температуры воздуха в помещениях объектов социальной сферы установлены санитарными правилами СанПиН 1.2.3685-21.

Ниже перечисляем допустимые величины параметров микроклимата в организациях воспитания и обучения, отдыха и оздоровления детей и молодежи

**Организации для детей до 7 лет**

Групповая (игровая), игровая комната (помещения), помещения для занятий для детей до 3-х лет -22-24, групповая (игровая), игровая комната (помещения), помещения для занятий для детей от 3-х до 7-ми лет-21-24, Спальные-19-21, туалетные для детей до 3-х лет-22-24, туалетные для детей от 3-х до 7-ми лет-19-21, физкультурный зал-19-21, музыкальный зал-19-21,душевая (ванная комната)-24-26, раздевальная в групповой ячейке-21-24, кабинет для индивидуальных занятий с детьми (логопед, психолог) и (или) кабинет для коррекционно-развивающих занятий с детьми-21-24, прогулочные веранды (не менее)-12,отапливаемые переходы (не менее)-15, дошкольные группы, размещенные в жилых помещениях жилищного фонда-21-24.

**Организации для детей старше 7 лет и молодежи**

Жилые комнаты-20-24, спальные помещения-18-24, помещения для отдыха и игр-20-24, учебные помещения, кабинеты, аудитории-18-24, помещения, оборудованные рабочими местами с персональным компьютером-18-24, мастерские, кабинеты кулинарии и домоводства в общеобразовательных организациях, ПОО, организациях дополнительного образования -18-20, помещение для самоподготовки-18-24, рекреации-18-24, актовый (концертный) зал-18-24, столовая-18-24, спортивный зал-18-20, зал для занятий лечебной физической культурой-18-24, душевая (ванная комната)-24-26, туалетная-18-26, комната гигиены девочек-18-26, помещение для стирки и сушки вещей, глажения и чистки одежды-18-26, кабинет для индивидуальных занятий с детьми-18-24, гардероб, вестибюль-18-24.

Руководители учреждений должны обеспечить своевременную готовность систем отопления к работе в зимний период. Поддержание допустимых параметров микроклимата в помещениях с длительным пребыванием детей и взрослых является одним из основных мероприятий в профилактике заболеваемости острыми респираторными заболеваниями.

В случае наличия у граждан жалоб на несоблюдение гигиенических нормативов, можно направлять обращения в Территориальный отдел Управления Роспотребнадзора в Республике Дагестан в Ботлихском районе, на основании которых специалистами Службы будут проведены контрольно-надзорные мероприятия с измерениями параметров микроклимата и принятием соответствующих мер.

**Х. Джамалдинова,** И.о. главного врача филиала ФБУЗ «Центр гигиены и эпидемиологии в РД в Ботлихском районе»

Диниияб бокIон

# НуцIби жеги рагьун руго…

Мунагь гьабиялдаса цоници чи цIунаравлъун гьечIо. ТIадегIанав Аллагьас цогидал умматазе кьечIеб ва амма нилъее кьураб нигIмат ккола мунагь гьабидал тавбу гьаби.

ТIадегIанав Аллагьас Къуръаналда абун буго: **«Дуца абе, МухIаммад! Я гьал жидеца напсазе зулму гьабурал, гьел мунагьазукье ккезе гьарурал Аллагьасул лагъзал! Нужер хьул къотIуге Аллагьасул рахIматалдаса. Аллагьас кинало мунагьал чурула тавбу гьабун жив Аллагьасде вуссарав чиясул. Гьев Аллагь вуго кинал мунагьал чурулев ва муъминзабазда гурхIулев».** (Сура «Аз-Зумар», аят 53)

Лагъас тавбу гьабидал ТIадегIанав Аллагь вохулеб куцалъул хирияв аваргас хIадисалда бицана. Салул авлахъалда варанигун къайиги тIагIун, цинги гьеб балагьулаго сверсведун, яхIги хун гIодов вортун берал кьанщун вукIаго, цинги берал рагьидал цебе жиндирго варанигун къайи батарав чи вохулелдаса цIикIкIун вохулев вуго Аллагь жиндир лагъас тавбу гьабидал.

ГьитIинаб букIа, кIудияб букIа мунагьалдаса тавбу хехго гьабизе ккола. Мунагь ккун хадуб тавбу гьабизе гIолебгIанасеб заман гьеб гьабичIого биччан тани, тавбу кватIизабиялдалъунги Аллагьасе гIасилъаравлъун ккола.

ГIизудин бин ГIабдусалам абулев гIалимчияс абулеб буго мунагьалдаса тавбу гьабичIого кигIанасеб заман биччан батаниги, гьеб заманалда жаниб чан нухалъ тавбу гьабизе рес букIун батаниги, гьедигIанасеб нухалъ Аллагьасе гIасилъаравлъун кколила гьев. Ва доб тIоцебе ккараб мунагьалдасаги гьелдаса тавбу гьабичIого заман биччаялдалъун тIаде рачIарал гIасилъабаздасаги хехго тавбу гьабизе кколила.

Бицуна, ГIумар-асхIаб цо къоялъ унев вукIун вуго Мадинаялъул базаралдасан. Гьесда дандчIвана цо гIолохъанчи. Гьев вукIун вуго ратIлида гьоркь цо жо баччулев. ГIумар-асхIабас гьикъун буго: «Ле, гIолохъанчи, щиб дуца баччулеб?» - ан. Гьениб гьоркь букIана гIаракъи. ГIолохъанчи нечана гIаракъи бугилан абизе. Жиндаго гьес абуна: «ГIумар-асхIабасда цеве Аллагьас дун загьир гьавичIони, дица тIокIалъ киданиги гIаракъи гьекъеларо», - ян. Гьес абуна: «Я муъминзабазул амир, дица баччулеб жо кьанцIа буго», - ян. ГIумар-асхIабас абуна гьеб бихьизабеян. Гьесги бихьизабуна кьанцIадул шиша.

Халгьабе, диналъул вацал, чияс тавбу гьабуна ГIумар-асхIабасдаса хIинкъун, гьевги живго гIадинав вуго. Аллагьас сверизабуна гьесухъ букIараб гIаракъи кьанцIаялде. Аллагьасдаса хIинкъун тавбу гьабуни, кинха кьабул гьабичIого телареб?

Аваргасул хIадис буго: **«Мунагьалдаса тавбу гьабурав чи мунагьго гьечIесда рельъуна»,** - ян. Цоги хIадис буго: **«Тавбу мунагьалъе ратIлие сапун гIадаб жо буго»,** - абун.

**«Ас-салам» газеталдаса босараб**

Газпром

# Свыше 46 тысяч потребителей газа в Дагестане должны пройти поверку приборов учёта газа в 2025 году

В текущем году необходимость поверки приборов учета газа наступает у 46,3 тысяч абонентов «Газпром межрегионгаз Махачкала», в том числе более 8 тысяч абонентов пользующихся сетевым газом в г. Махачкала.




Основная часть установленных у абонентов республики счетчиков имеет нормативный срок работы в 8-10 лет. «Газпром межрегионгаз Махачкала» указывает срок окончания межповерочного интервала в квитанциях на оплату природного газа. Кроме того, информация о дате поверки счетчика также отображается в «Личном кабинете» абонента на сайте «Газпром межрегионгаз Махачкала» и в мобильных приложениях «Газ Онлайн» или «Мой Газ».

Демонтаж газовых счётчиков, их поверку и установку в Республике Дагестан может выполнять специалисты ООО «Газпром газораспределение Дагестан», в г. Махачкала - АО «Газпром газораспределение Махачкала».

Абоненту, у которого приближается срок поверки газового счетчика, необходимо заблаговременно подать письменное заявление в абонентскую службу по месту проживания. Вся ответственность своевременность проведения поверки счетчика возлагается на собственника.

Если прибор учёта проходит поверку на очередной срок, то абоненту выдается «Свидетельство о поверке». Если поверка не пройдена, выписывается «Извещение о непригодности» и прибор учёта не допускается к использованию. В этом случае начисление оплаты производится по нормативу до тех пор, пока абонент не установит новый счетчик. Начисления после проведения поверки возобновляются с момента установки прибора учёта на место присоединения к газопроводу и обязательной его опломбировки контролером газового хозяйства пломбой поставщика газа - ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала». Для опломбировки счетчика также абонентом подается письменное заявление.

Информацию о дате поверки счётчика также можно узнать у операторов «Контакт-центра» ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» по бесплатному номеру 8-800-200-98-04 (с 9.00 до 18.00 ч.).

**Пресс-служба ООО «Газпром Межрегионгаз Махачкала»**

Субсидии и гранты

# Поддержка предпринимателям и жителям горных районов

Горные территории республики занимают около половины всей площади. С 2019 года в республике реализуется госпрограмма «Социально-экономическое развитие горных территорий Республики Дагестан». Основная цель программы - вовлечь потенциал горных районов в экономику, оказать поддержку инвестиционным проектам, стимулировать развитие бизнеса. К тому же решаются и социальные задачи - сохранение численности населения и сокращение темпов миграционного оттока населения из высокогорных сел.

В целях реализации госпрограммы Министерство экономики и территориального развития Республики Дагестан оказывает государственную поддержку личным подсобным хозяйствам и предпринимателям по следующим направлениям:

- субсидирование до 50 процентов затрат, но не более 10 млн рублей, на строительство логистических (оптово-распределительных) центров хранения продукции в горных территориях Республики Дагестан;
- субсидирование до 50 процентов затрат, но не более 2,5 млн рублей, на приобретение торгового оборудования в горных территориях Республики Дагестан;
- субсидирование до 50 процентов затрат, но не более 10 млн рублей, на приобретение оборудования по производству пищевой продукции и напитков в горных территориях Республики Дагестан;
- субсидирование до 50 процентов затрат, но не более 500 тыс. рублей, на покупку гражданами, ведущими личные подсобные хозяйства в горных территориях Республики Дагестан, малогабаритной сельскохозяйственной техники;
- субсидирование до 50 процентов затрат, но не более 10 млн рублей, на создание или модернизацию предприятий по производству промышленной продукции в горных территориях Республики Дагестан;
- субсидирование до 50 процентов затрат, но не более 1 млн рублей, гражданам, ведущими личные подсобные хозяйства в горных территориях Республики Дагестан, на развитие пчеловодства;
- гранты в форме субсидий в размере 95 процентов от затрат, но не более 600 тыс руб. гражданам, ведущим личные подсобные хозяйства, на закладку садов интенсивного типа.

**Магомед Куратмагомедов**

# Решения представительных органов муниципальных образований Цумадинского района об образовании избирательных округов

**Р Е Ш Е Н И Е**

**20 января 2025 года №1**
**с. Кеди**

**Об определении единого избирательного округа для проведения выборов депутатов Собрания депутатов муниципального образования «село Кеди» Цумадинского района**

В соответствии со статьей 18 Федерального закона от 12 июня 2002 года № 67-ФЗ «Об основных гарантиях избирательных прав и права на участие в референдуме граждан Российской Федерации», статьей 18 Закона Республики Дагестан от 06.07.2009 года № 50 «О муниципальных выборах в Республике Дагестан», статьей 12 Устава муниципального образования «село Кеди» Цумадинского района, Собрание депутатов муниципального образования «село Кеди» **р е ш а е т:**

1. Установить, что выборы депутатов Собрания депутатов муниципального образования «село Кеди» Цумадинского района проводятся по мажоритарной избирательной системе относительного большинства по Кединскому единому многомандатному избирательному округу в границах муниципального образования «село Кеди» Цумадинского района.

2.Опубликовать настоящее решение в газете «Голос Цумады».

3. Направить настоящее решение в участковую избирательную комиссию избирательного участка №1654, на которую возложено исполнение полномочий по подготовке и проведению муниципальных выборов на территории муниципального образования «село Кеди» Цумадинского района и территориальную избирательную комиссию Цумадинского района.

**Председатель Собрания депутатов**
**сельского поселения «село Кеди» З. Абдулхабиров**

* * *

**Р Е Ш Е Н И Е**

**20 января 2025 года №1**
**с. Тлондода**

**Об определении единого избирательного округа для проведения выборов депутатов Собрания депутатов муниципального образования «селоТлондода» Цумадинского района**

В соответствии со статьей 18 Федерального закона от 12 июня 2002 года № 67-ФЗ «Об основных гарантиях избирательных прав и права на участие в референдуме граждан Российской Федерации», статьей 18 Закона Республики Дагестан от 06.07.2009 года № 50 «О муниципальных выборах в Республике Дагестан», статьей 12 Устава муниципального образования «село Тлондода» Цумадинского района, Собрание депутатов муниципального образования «село Тлондода» **р е ш а е т:**

1.Установить, что выборы депутатов Собрания депутатов муниципального образования «село Тлондода» Цумадинского района проводятся по мажоритарной избирательной системе относительного большинства по Тлондодинскому единому многомандатному избирательному округу в границах муниципального образования «село Тлондода» Цумадинского района.

2. Опубликовать настоящее решение в газете «Голос Цумады».

3. Направить настоящее решение в участковую избирательную комиссию избирательного участка №1638, на которую возложено исполнение полномочий по подготовке и проведению муниципальных выборов на территории муниципального образования «село Тлондода» Цумадинского района и территориальную избирательную комиссию Цумадинского района.

**Председатель Собрания депутатов**
**МО сельского поселения**
**«село Тлондода» Ш. Гитинов**

* * *

**Р Е Ш Е Н И Е**

**20 января 2025 года №1**

**с. Саситли**

**Об определении единого избирательного округа для проведения выборов депутатов Собрания депутатов муниципального образования «село Саситли» Цумадинского района**

В соответствии со статьей 18 Федерального закона от 12 июня 2002 года № 67-ФЗ «Об основных гарантиях избирательных прав и права на участие в референдуме граждан Российской Федерации», статьей 18 Закона Республики Дагестан от 06.07.2009 года № 50 «О муниципальных выборах в Республике Дагестан», статьей 12 Устава муниципального образования «село Саситли» Цумадинского района, Собрание депутатов муниципального образования «село Саситли» **р е ш а е т:**

1. Установить, что выборы депутатов Собрания депутатов муниципального образования «село Саситли» Цумадинского района проводятся по мажоритарной избирательной системе относительного большинства по Саситлинскому единому многомандатному избирательному округу в границах муниципального образования «село Саситли» Цумадинского района.

2. Опубликовать настоящее решение в газете «Голос Цумады».

3. Направить настоящее решение в участковую избирательную комиссию избирательного участка №1653, на которую возложено исполнение полномочий по подготовке и проведению муниципальных выборов на территории муниципального образования «село Саситли» Цумадинского района и территориальную избирательную комиссию Цумадинского района.

**Председатель Собрания депутатов**
**МО сельского поселения**
**«село Саситли» Ш. Магомедрашадов**

* * *

**РЕШЕНИЕ**

**20 января 2025 года №1**
**сел. Нижнее Гаквари**

**Об определении единого избирательного округа для проведения выборов депутатов Собрания депутатов муниципального образования «сельсовет Нижнегакваринский» Цумадинского района**

В соответствии со статьей 18 Федерального закона от 12 июня 2002 года № 67-ФЗ «Об основных гарантиях избирательных прав и права на участие в референдуме граждан Российской Федерации», статьей 18 Закона Республики Дагестан от 06.07.2009 года № 50 «О муниципальных выборах в Республике Дагестан», статьей 12 Устава муниципального образования «сельсовет Нижнегакваринский» Цумадинского района, Собрание депутатов муниципального образования «сельсовет Нижнегакваринский» **р е ш а е т:**

1. Установить, что выборы депутатов Собрания депутатов муниципального образования «сельсовет Нижнегакваринский» Цумадинского района проводятся по мажоритарной избирательной системе относительного большинства по Нижнегакваринскому единому многомандатному избирательному округу в границах муниципального образования «сельсовет Нижнегакваринский» Цумадинского района, включающему села Нижнее Гаквари, Цунди, Цидатль.

2. Опубликовать настоящее решение в газете «Голос Цумады».

3. Направить настоящее решение в участковую избирательную комиссию избирательного участка № 1649, на которую возложено исполнение полномочий по подготовке и проведению муниципальных выборов на территории муниципального образования «сельсовет Нижнегакваринский» Цумадинского района и территориальную избирательную комиссию Цумадинского района.

**Председатель Собрания депутатов**
**сельского поселения**
**«сельсовет Нижнегакваринский» Р. Магомедов**

* * *

**РЕШЕНИЕ**

**20 января 2025 года №1**
**сел. Кванада**

**Об определении единого избирательного округа для проведения выборов депутатов Собрания депутатов муниципального образования «сельсовет Кванадинский» Цумадинского района**

В соответствии со статьей 18 Федерального закона от 12 июня 2002 года № 67-ФЗ «Об основных гарантиях избирательных прав и права на участие в референдуме граждан Российской Федерации», статьей 18 Закона Республики Дагестан от 06.07.2009 года № 50 «О муниципальных выборах в Республике Дагестан», статьей 12 Устава муниципального образования «сельсовет Кванадинский» Цумадинского района, Собрание депутатов муниципального образования «сельсовет Кванадинский» **р е ш а е т:**

1. Установить, что выборы депутатов Собрания депутатов муниципального образования «сельсовет Кванадинский» Цумадинского района проводятся по мажоритарной избирательной системе относительного большинства по Кванадинскому единому многомандатному избирательному округу в границах муниципального образования «сельсовет Кванадинский» Цумадинского района, включающему села Кванада, Гимерсо.

2. Опубликовать настоящее решение в газете «Голос Цумады».

3. Направить настоящее решение в участковую избирательную комиссию избирательного участка № 1636, на которую возложено исполнение полномочий по подготовке и проведению муниципальных выборов на территории муниципального образования «сельсовет Кванадинский» Цумадинского района и территориальную избирательную комиссию Цумадинского района.

**Председатель Собрания депутатов**
**сельского поселения**
**«сельсовет Кванадинский» А. Халилов**

* * *

**Р Е Ш Е Н И Е**

**20 января 2025 года №1**
**с. Хушет**

**Об определении единого избирательного округа для проведения выборов депутатов Собрания депутатов муниципального образования «село Хушет» Цумадинского района**

В соответствии со статьей 18 Федерального закона от 12 июня 2002 года № 67-ФЗ «Об основных гарантиях избирательных прав и права на участие в референдуме граждан Российской Федерации», статьей 18 Закона Республики Дагестан от 06.07.2009 года № 50 «О муниципальных выборах в Республике Дагестан», статьей 12 Устава муниципального образования «село Хушет» Цумадинского района, Собрание депутатов муниципального образования «село Хушет» **р е ш а е т:**

1. Установить, что выборы депутатов Собрания депутатов муниципального образования «село Хушет» Цумадинского района проводятся по мажоритарной избирательной системе относительного большинства по Хушетскому единому многомандатному избирательному округу в границах муниципального образования «село Хушет» Цумадинского района.

2. Опубликовать настоящее решение в газете «Голос Цумады».

3. Направить настоящее решение в участковую избирательную комиссию избирательного участка №1664, на которую возложено исполнение полномочий по подготовке и проведению муниципальных выборов на территории муниципального образования «село Хушет» Цумадинского района и территориальную избирательную комиссию Цумадинского района.

**Председатель Собрания депутатов**
**сельского поселения «село Хушет» Т. Зулиев**

* * *

**РЕШЕНИЕ**

**20 января 2025 года №1**
**сел. Тинди**

**Об определении единого избирательного округа для проведения выборов депутатов Собрания депутатов муниципального образования «сельсовет Тиндинский» Цумадинского района**

В соответствии со статьей 18 Федерального закона от 12 июня 2002 года № 67-ФЗ «Об основных гарантиях избирательных прав и права на участие в референдуме граждан Российской Федерации», статьей 18 Закона Республики Дагестан от 06.07.2009 года № 50 «О муниципальных выборах в Республике Дагестан», статьей 12 Устава муниципального образования «сельсовет Тиндинский» Цумадинского района, Собрание депутатов муниципального образования «сельсовет Тиндинский» **р е ш а е т:**

1. Установить, что выборы депутатов Собрания депутатов муниципального образования «сельсовет Тиндинский» Цумадинского района проводятся по мажоритарной избирательной системе относительного большинства по Тиндинскому единому многомандатному избирательному округу в границах муниципального образования «сельсовет Тиндинский» Цумадинского района, включающему села Тинди, Тисси-Ахитли, Гадайчи, Халих, Тенла, Санух, Бехвалутчи, Акнада, Ангида, Аща, Мухарх, Гвиначи, Гундучи.

2. Опубликовать настоящее решение в газете «Голос Цумады».

3. Направить настоящее решение в участковую избирательную комиссию избирательного участка № 1643, на которую возложено исполнение полномочий по подготовке и проведению муниципальных выборов на территории муниципального образования «сельсовет Тиндинский» Цумадинского района и территориальную избирательную комиссию Цумадинского района.

**Председатель Собрания депутатов**
**сельского поселения**
**«сельсовет Тиндинский» М. Абдулхалимов**

4

**Р Е Ш Е Н И Е**

**20 января 2025 года №1**

**сел. Метрада**

**Об определении единого избирательного округа для проведения выборов депутатов Собрания депутатов муниципального образования «село Метрада» Цумадинского района**

В соответствии со статьей 18 Федерального закона от 12 июня 2002 года № 67-ФЗ «Об основных гарантиях избирательных прав и права на участие в референдуме граждан Российской Федерации», статьей 18 Закона Республики Дагестан от 06.07.2009 года № 50 «О муниципальных выборах в Республике Дагестан», статьей 12 Устава муниципального образования «село Метрада» Цумадинского района, Собрание депутатов муниципального образования «село Метрада» **р е ш а е т:**

1. Установить, что выборы депутатов Собрания депутатов муниципального образования «село Метрада» Цумадинского района проводятся по мажоритарной избирательной системе относительного большинства по Метрадинскому единому многомандатному избирательному округу в границах муниципального образования «село Метрада» Цумадинского района.

2. Опубликовать настоящее решение в газете «Голос Цумады».

3. Направить настоящее решение в участковую избирательную комиссию избирательного участка №1662, на которую возложено исполнение полномочий по подготовке и проведению муниципальных выборов на территории муниципального образования «село Метрада» Цумадинского района и территориальную избирательную комиссию Цумадинского района.

**Председатель Собрания депутатов сельского поселения «село Метрада» М. Магомедов**

* * *

**Р Е Ш Е Н И Е**

**20 января 2025 года № 1**

**сел. Агвали**

**Об определении единого избирательного округа для проведения выборов депутатов Собрания депутатов муниципального образования «село Агвали» Цумадинского района**

В соответствии со статьей 18 Федерального закона от 12 июня 2002 года № 67-ФЗ «Об основных гарантиях избирательных прав и права на участие в референдуме граждан Российской Федерации», статьей 18 Закона Республики Дагестан от 06.07.2009 года № 50 «О муниципальных выборах в Республике Дагестан», статьей 12 Устава муниципального образования «село Агвали» Цумадинского района, Собрание депутатов муниципального образования «село Агвали» **р е ш а е т:**

